

# Lang nan Kay ak nan Kominote

## Pou pwofesè

### Lide pou pataje avèk fanmi yo

#### Ankouraje fanmi yo pou pale lang pa yo ak timoun yo depi yo fèk fèt

Bagay ki pi fasil, pi enpòtan an se pou paran yo ak manm fanmi yo itilize lang manman yo chak jou. Anpil fanmi krent ke si yo itilize lang manman yo sa pral fè timoun yo twoouble, osinon fè li pi difisil pou yo aprann lang Angle a. Ede paran yo konprann ke timoun yo kapab aprann plis pase yon lang an menm tan. Alaverite, lap pi fasil pou timoun yo aprann lang Angle a si yo gen yon fondasyon fèm nan lang manman yo.



#### Sonje:



Fè moun konnen vizyon w ke lang ak kilti chak fanmi se yon sous fyète ak fòs. Fè yo sonje kijan lang manman yo ede tout jan nan kwasans pitit yo e pèmèt yo aprann lang Angle a tou!

#### Rakonte istwa epi chante chante

Tout fanmi gen yon eritaj ki rich pou transmèt bay pitit yo. Istwa, chante, rim, powèm, dizon, ak chante se yon pati enpòtan nan kilti chak fanmi. Ankouraje fanmi yo pataje bagay sa yo avèk pitit yo epi amize yo lè yap fè li!

#### Li liv ak istwa ansanm

Anpil fanmi krent ke lè yo li epi rakonte timoun yo istwa yo nan lang manman yo, ap fè l pi difisil pou timoun yo aprann li an angle- men se le kontre ki verite! Ankouraje fanmi yo li e rakonte istwa nan lang manman yo. Fè yo konprann ke rakonte istwa e li nan lang manman w aprann timoun mo ak lide yap pi fasil chanje nan lang Angle.

#### Ankouraje fanmi pale sou tradisyon ak kilti yo

Bay fanmi opòtinite pou yo vizite klas ou epi pale sou lang yo, tradisyon, kilti ak eritaj. Mande yo pou yo pataje istwa ak chante fanmi. Toujou rete veyatif sou jan timoun ka pataje eritaj yo tout tan nan klas la.

#### Sonje:



Fanmi yo ede jèn timoun yo devlope abilite pou li epi pou gen bon vokabilè lè yo li nan liv ansanm epi pale sou desen yo ki ladan. Ou pa bezwen fò nan lekti pou w kapab pataje liv ak istwa ak jèn timoun yo.



## Montre ke w bay lang manman valè nan klas ou

Mete siy nan lang chak timoun nan klas la. Mete liv disponib nan lang chak fanmi. Envite fanmi yo pou yo rakonte istwa oswa li yon liv nan lang manman yo. Chèche tout okasyon pou ede timoun yo santi yo alèz nan lang manman yo.

### Sonje:

Aksyon pale pi fò pase mo. Ou voye mesaj ki fêm nan jan w sèvi oswa pa sèvi ak lang manman timoun yo. Mesaj pozitif ede timoun yo gen plis konfyans nan tèt yo e gen yon idantite fêm.



### Sonje:

Aksyon pale pi fò pase mo.

Ou voye mesaj ki fêm nan jan w sèvi oswa pa sèvi ak lang manman timoun yo. Mesaj pozitif ede timoun yo gen plis konfyans nan tèt yo e gen yon idantite fêm.

## Bay lide pou prete nan bibliyotèk la liv ki pa gen mo oswa ki nan lang manman timoun yo

Bibliyotèk la se yon bon sous pou jwenn liv bileng, DVDs, ak mizik. Bay fanmi yo opòtinite pou yo konn kijan pou yo sèvi avèk bibliyotèk la. Envite yon bibliyotekè nan yon sware pou fanmi oswa fè yon ti pwomnad nan bibliyotèk pou montre fanmi yo sa ki disponib nan lang manman yo tankou pwogram pou rakonte istwa, ak aktivite.

## Chèche evènman nan kominote kote yo pale lang fanmi yo

Pwogram bibliyotèk, festival kiltirèl, moun ki pran lapawòl, ak konsè se bon jan kote pou fanmi rankontre lòt fanmi ki pale lang manman yo.

Envite fanmi yo pataje kalite enfòmasyon sa youn ak lòt nan yon tablo afichaj pou fanmi oswa yon feyè pou yo ka fè echanj enfòmasyon.

## Ankouraje fanmi yo pou yo kontinye itilize lang manman yo toutotan timoun yo ap grandi

Pale ak fanmi yo sou ankouraje timoun yo kontinye itilize lang manman yo. Relasyon ki dirab baze sou lang. Kominikasyon ap vin pi enpòtan toutotan timoun yo ap grandi, epi yo bezwen yon sipò fêm nan fanmi pou yo kontinye pale lang manman yo.



### Sonje:

Pale ak fanmi yo sou ankouraje timoun yo kontinye itilize lang

manman yo. Relasyon ki dirab baze sou lang. Kominikasyon ap vin pi enpòtan toutotan timoun yo ap grandi, epi yo bezwen yon sipò fêm nan fanmi pou yo kontinye pale lang manman yo.

